



Pou Piblikasyon Imedya: 09/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEZIYASYON 12 ZÒN OPÒTINITE ENDISTRIYÈL

Rekonpans Kredi Taks siplemantè disponib pou transfòme zòn ki delabre ak andòmi yo an Pwojè Devlopman Ekonomik

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia deziyasyon 12 zòn opòtinite endistriyèl nan kominote yo ki defavorize- ekonomikman atravè Eta New York. Pwogram Opòtinite Zòn Endistriyèl la ede kominote lokal yo etabli estrateji revitalizasyon ki transfòme zòn delabre ak andòmi yo an zòn pwodiktif pou sipòte devlopman ekonomik. Deziyasyon sa a baze sou plan divès kalite enterè ki reflekte kondisyon lokal yo, e pwojè yo ki resevwa deziyasyon sa a ap gen estati priyorite pou sibvansyon ak rekonpans kredi taks adisyonèl pou Pwogram Netwayaj Zòn Endistriyèl.

“Nan deziyen kote sa yo kòm zòn opòtinite endistriyèl, nap ede re-imagine potansyèl yo kòm pati vibran nan kominote ozanviwon yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Distenksyon sa a pèmèt nou mete reyabilitasyon yo sou vwa-rapid la avèk resous adisyonèl leta, e sa vle di nouvo devlopman, travay ak opòtinite nan lavni. Sa se yon lòt fason administrasyon nou an mete ansanm avèk patnè lokal yo pou revitalize zòn delabre yo atravè eta a, e mwen paka tann pou m wè transfòmasyon yo nan jou ka p vini yo.”

Avan deziyasyon an, kominote sa yo te resevwa sibvansyon planifikasyon ki te finanse atravè Pwogram (Zòn Opòtinite Endistriyèl) New York’s Brownfield Opportunity Areas (BOA) pou konplete yon nominasyon ki etabli estrateji revitalizasyon ak ankouraje bonjan devlopman ak amelyore kalite anviwonman nan zòn ki afekte yo. Depatman Deta - te aksepte nominasyon pou BOA sa yo e li te detèmine ke yo satisfè demann ak kritè pou deziyasyon an. Developè, pwopriyetè yo ak lòt moun ki gen pwojè ak pwopriyete ki lokalize nan yon zòn ki te deziyen kòm BOA ap kalifye pou l jwenn aksè nan plis rekonpans kredi taks Pwogram Netwayaj Zon Endistriyèl yo ak resevwa priyorite ak preferans pou sibvansyon Eta a pou devlope pwojè ki gen objektif pou transfòme zòn delabre ak andòmi nan kominote yo ak mete yo sou pye ankò pou yo pwodwi.

Refòm Endistriyè ak Sipè-fon Eta

Separe de kote ka p resevwa deziyasyon BOA jodia, Bijè Eta 2015-16 la pwolonje Pwogram Netwayaj Zòn Endistriyèl la pou dis ane, e li gen ladann refòm enpòtan pou

pwoteje kontribyab yo ak ankouraje redevlopman zòn endistriyèl, patikilyèman Upstate. Bidjè a gen ladann tou yon nouvo \$100 milyon afektasyon e li pwolonje pwogram netwayaj Sipè-fon Eta a pou dis ane. Sipè-fon an te jwe yon gwo wòl nan idantifye, envestige ak netwaye kote ki gen dechè danjere atravè Eta a.

Sekretè Deta Cesar A. Perales te deklare: “Deziyasyon sa yo pral sèvi kòm motè fòmè nan devlopman ekonomik ak anviwonman pou kominote ki bezwen envestisman piblik ak prive. Yo pral bay kominote sa yo rekonpans adisyonèl bonjan opòtinite pou nouvo devlopman lojman, biznis ak kreyasyon travay, ak anbelisman anjeneral.” Sekretè Deta a gen pou l fè deziyasyon BOA yo apre yon pwosesis planifikasyon kominotè.

Val Washington, Prezidan, Nouvo Patnè pou Revitalizasyon Kominote te deklare: “Soti Buffalo pou rive nan Bronx, soti Wyandanch nan Long Island pou ale nan Konte Lewis nan North Country, Pwogram BOA New York la ap montre valè li. Inikman, li mete lidè kominote ak minisipal yo ansanm pou devlope plan pou revitalize katye ki afekte pa plizyè zòn endistriyèl. Nou bat bravo ak sipòte anons enpòtan Gouvènè Cuomo a jodia, ak apresye lidèship li nan ogmante sipò gouvènman eta a pou devlopè yo ki pral travay nan zòn ki deziyen yo.”

Jodia yo te anonse 12 BOA ki deziyen yo se:

Western New York

Chadakoin River Central/Eastern BOA, Vil Jamestown, Konte Chautauqua – Li gen ladann yon zòn 643-kawo tè ki karakterize pa 53 zòn endistriyèl ki idantifye, ki lokalize anba lavil Jamestown, a kote Koridò Eritaj Endistriyèl la ak Fen Koridò Endistriyèl Lès la. Objektif prensipal revitalizasyon an se pou ankouraje redevlopman, netwayaj ak reenvestisman nan zòn nan; amelyore koneksyon Vil la avèk Rivyè Chadakoin; ak kreye djòb ak revni taks yo. Yon sibvansyon \$370,800 te finanse planifikasyon aktivite Pwogram BOA a.

Majistra Vil Jamestown Sam Teresi te deklare: “Depatman Deta New York te yon e ap toujou rete yon resous valab pou ede objektif redevlopman nou avanse pou pwojè sa a. Nou paka tann pou nou travay ansanm avèk yo pou n ede Vil nou an kalifye pou fon sibvansyon siplemantè pou pwojè yo pral idantifye nan BOA ki gen potansyèl pou vin transfòme revitalizasyon nou an.”

Vil Nò Tonawanda BOA, Konte Niagara - Li gen ladann yon zòn 546-kawo tè, ki karakterize pa 61 potansyèl zòn endistriyèl, ki lokalize bò kote Rivyè Niagara ak Kanal Erie nan Tonawanda Island. Premye enkyetid la se yon zòn endistriyèl-komèsyal ki separe avèk tè prensipal la pa Little River a e ki karakterize pa yon enfrastrikti ki ansyen, demode, oswa bilding abandone, ak kontamine. Yon sibvansyon \$175,000 te finanse planifikasyon aktivite Pwogram BOA a.

Majistra Vil North Tonawanda Arthur G. Pappas te deklare: “Nou byen kontan nou te

travay ansanm avèk Depatman Deta New York sou projè sa a. Pwogram BOA te jwe yon wòl enpòtan nan fòm vizyon an pou anba lavil Nò Tonawanda ak bò dlo a. Nou paka tann pou nou kontinye travay avèk DOS yo pou nou avanse plizyè objektif nou genyen pou Vil nou an. Asistans yo te genyen an te e li toujou gen anpil valè e li pral pèmèt Vil nou an kalifye pou finansman sibvansyon siplemantè pou redevlopman nou.”

Finger Lakes

Zòn Opòtinite Batavia, Konte Genesee - Li gen ladan yon zòn 366-kawo tè ki karakterize pa yon estimasyon 75 potansyèl zòn endistriyèl ki lokalize nan Koridò Santral Batavia. Objektif prensipal revitalizasyon kominote yo gen ladan: netwayaj ak re-amenajman pwopriyete ki pa itilize, vid ak pwopriyete endistriyèl ki gen itilizasyon apwopriye; estabilize katye ki deja egziste; ak kontinye revitalization distri biznis anba lavil la. Yon sibvansyon \$266,508 te finanse planifikasyon aktivite Pwogram BOA a.

Manadjè Vil Batavia Jason Molino te deklare: “Nou ta renmen remèsye Depatman Deta pou finansman ak konsèy li bay pou konplete Plan Zòn Opòtinite Batavia a. BOA Batavia te gen yon sikè san paryè e nou gen tan wè anpil devlopè ki enterese nan plas endistriyèl nou yo. Pou rive jodia nou gen tan resevwa plis pase \$2 milyon finansman sibvansyon pou TEP, NY Main Street ak aplikasyon CDBG ki avanse rekòmandasyon nan plan an”

Lyell-Lake-State (LYLAKS BOA), Vil Rochester, Konte Monroe - Li gen ladan yon zòn 602-kawo tè avèk apeprè 206 potansyèl plas endistriyèl. Plas sa yo lokalize nan Browns Square la, Edgerton, JOSANA, Lyell-Otis, ak vwazinaj moun Dutchtown nan Rochester. Objektif prensipal revitalizasyon kominote yo gen ladan: re-amenaje plas estratejik ki gen plis potansyèl pou afekte pozitivman valè imobilye, devlopman ekonomik, mache lokal la, ak kalite lavi anjeneral. Yon sibvansyon \$214,509 te finanse pou planifye aktivite Pwogram BOA yo.

Vacuum Oil-Sid Genesee Koridò Rivyè BOA, Vil Rochester, Konte Monroe - Li gen ladan yon zòn apeprè 148-kawo tè ki karakterize pa 28 potansyèl zòn endistriyèl ki lokalize nan City Planning Sektè 4. Zòn nan kontou fontyè bank lwès nan Rivyè Genesee ki gen yon kominote minorite defavorize ki sitiye a kote katye istorik ak vibran nan Vil Rochester. Envestisman nan plas estratejik yo, ansanm avèk amelyorasyon aksè rekreyatif nan Rivyè Genesee ak chemen ki asosye nan zòn etid la, espere pou sèvi kòm katalis pou amelyore sekirite piblik ak kondwi devlopman ekonomik. Pwojè sa a pral ede bese stigma kounye a ka p afekte katye ki delabre yo. Yon sibvansyon \$215,100 te finanse pou pwogram BOA aktivite ki planifye.

Majistra Vil Rochester Lovely Warren te deklare: “Avèk èd Depatman Deta Eta New York, nou pral gen aksè nan resous siplemantè pou nou netwaye de nan zòn endistriyèl nou yo, sit ‘Lyell-Lake-State’ la ak Vacuum Oil. Èd sa a ki soti nan Eta a pral pèmèt nou soti nan faz planifikasyon pou nou rive nan aplikasyon, kidonk transfòm pwopriyete ki delabre yo an pwopriyete prestijye, ak ouvri wout la pou plis travay ak katye revitalize ki pral ede pouse vil nou an pou pi devan.”

Vilaj Macedon Waterfront ak Anba Lavil BOA, Konte Wayne - Li gen ladan yon zòn apeprè 462-kawo tè ki karakterize pa 61 potansyèl zòn endistriyèl ak plas vid nan sant Vilaj la, ozalantou Erie Canal, Ganargua Creek, ak distri biznis Main Street la. Objektif prensipal revitalizasyon an gen ladan: ogmante baz taks la nan re-amenajman zòn endistriyèl ak plas vid yo pou divès sèvis devlopman ak agrandisman biznis, ak revitalize distri biznis Vilaj la pou sèvi komès ak ogmante touris. Yon sibvansyon \$182,160 te finanse aktivite planifikasyon pou Pwogram BOA a.

Majistra Vilaj Macedon Marie Cramer te deklare: “Vilaj Macedon nan dènnye kat ane ki sot pase yo te devan nan revitalizasyon. Deziyasyon BOA sa a pral ouvè biznis nan Vilaj la, sa ki te yon rèv depi plizyè deseni pou chèf eli, manm konsèy planifikasyon ak rezidan yo.”

Mohawk Valley

Anba Lavil Rome BOA, Konte Oneida - Li gen ladan yon zòn 513-kawo tè ki karakterize pa 364 potansyèl plas vid ki lokalize nan mitan Vil la, toupre Erie Canal ak Mohawk River, ak sant biznis East Rome. Objektif prensipal revitalizasyon an se netwaye ak re-amenaje sit estratejik yo pou yon varyete sèvis rezidansyèl, komèsyal, biwo ak rekreyasyon. Yon sibvansyon \$225,000 te finanse aktivite planifikasyon pou Pwogram BOA a.

Majistra Vil Rome Joseph R. Fusco te deklare: “Estrateji BOA pou Revitalizasyon Anba Lavil Rome te yon avantaj pou Vil la pandan nap kontinye devlope ak anbeli Ri East Dominick ak koridò lamè nou an. Nou te benefisye de yon relasyon sere avèk Depatman Deta New York nan pwojè sa a. Nou paka tann pou nou kontinye travay avèk yo pandan nap devlope Anba Lavil Rome ak Sant Biznis East Rome nou an.”

North Country

Vilaj Lyons Falls BOA, Konte Lewis - Li gen ladan yon zòn 627-kawo tè e li anglobe tout zòn Vilaj la. Li karakterize pa kat potansyèl zòn endistriyèl ki lokalize nan Vilaj Lyons Falls. Objektif prensipal revitalizasyon an gen ladan: re-amenajman zòn abandone Lyons Falls Pulp ak Paper Mill la, ansanm avèk lòt plas yo; founi lojman ki abòdab; ak amelyore anba lavil la ak ekonomi Vilaj la. Yon sibvansyon \$148,637 te finanse aktivite planifikasyon pou Pwogram BOA a.

Majistra Vilaj Lyons Falls Katie Liendecker te deklare: “Nou byen kontan nou te travay ansanm avèk Depatman Deta New York sou projè sa a. Nou paka tann pou nou kontinye travay avèk yo pou reyalize objektif nou yo pou Vilaj nou an. Asistans yo te gen anpil valè e yap pèmèt Vilaj nou an kalifye pou finansman sibvansyon siplemantè pou re-amenajman nou an.”

Prezidan Konsyèy Lejislatè Konte Lewis Michael Tabolt te deklare: “Konte Lewis te travay ansanm avèk Vilaj Lyons Falls pou konplete pwojè revitalizasyon sa a. Efò pou

devlope plan Endistriyèl yo ap mennen nan pwogrè ki byen panse pou enfliyans devlopman ekonomik nan Lyons Fall ak Sid Konte Lewis.”

Capital District

Fort Edward Northeast Industrial BOA, Vil ak Vilaj Fort Edward, Konte

Washington - Li gen ladan yon zòn apeprè 800-kawotè ki karakterize pa kat zòn endistriyèl ki lokalize nan kwen nòdès nan Vilaj Fort Edward ak pòsyon nò nan Vil Fort Edward. Objektif prensipal yo se pou detèmine ak atire pi bon re-italizasyon pou Etablisman Pwojè Dragaj Dezidratasyon Rivyè Hudson ak ansyen plas Grand Union, ak pou agrandisman Pak Endistriyèl Fort Edward a. Yon sibvansyon \$180,000 te finanse aktivite planifikasyon Pwogram BOA a.

Sipèvizè Vil Fort Edward Mitch Suprenant te deklare: “Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ak Sekretè Perales pou deziyasyon BOA nan Vil Fort Edward a. Kominote nou an dedye a Pwogram Opòtinite Zòn Endistriyèl yo ak potansyèl enkwayab ke Fort Edward ofri rejyon an. Nou gen yon plan klè ak detèminasyon pou nou transfòme plas vid, ki pa p sèvi e ki kontamine yo an nouvo lokasyon pou biznis pwospere.”

Majistra Vilaj Fort Edward Matthew Traver te deklare: “Kolaborasyon avèk Vil la pou kreye Plan Renesans la pral ankouraje devlopè, biznis, ak rezidan yo pran yon nouvo rega nan anba lavil tradisyonèl nou an ak dlo Rivyè Hudson. Nou kontan pou nou itilize plan BOA a kòm katalis pou pwojè redevlopman ki pral mennen fanmi, biznis ak vizitè nan Fort Edward. Anpil remèsiman pou Depatman Deta New York pou èd yo nan tout wout la.”

Vil New York

Jamaica BOA, Konte Queens - Li gen ladan yon zòn ki gen apeprè 132-kawo tè ki karakterize pa 224 potansyèl zòn endistriyèl ki lokalize nan Jamaica Queens toupre estasyon tren an. Objektif prensipal li gen ladan ankouraje melanj sèvis ak devlopman transpò piblik oryante ak dirab toupre AirTrain an, ki founi yon koneksyon tren pou anba lavil Jamaica ak ayewopò JFK. Yon sibvansyon \$420,000 te finanse aktivite planifikasyon Pwogram BOA a.

Prezidan Greater Jamaica Development Corporation Carlisle Towery te deklare: “Ajan ke Pwogram BOA Eta a ap founi pou devlopman pwojè nan distri zòn biznis Estasyon AirTran nan LIRR a gen yon vag ekonomik atravè Anba Lavil Jamaica, Queens. Mèsi a Administrasyon Cuomo a ansanm avèk Lejislati Eta a pou angajman yo nan pwogram BOA ak plis revitalizasyon nan Sidès Queens.”

Port Morris Harlem Riverfront BOA, Konte Bronx - Li gen ladan yon zòn 200-kawo tè ki karakterize pa 10 zòn endistriyèl ki lokalize nan Port Morris toupre Rivyè Harlem nan. Objektif prensipal revitalizasyon kominote a gen ladan: re-amenaje ansyen pwopriyete endistriyèl ki pa itilize pou sèvis komès ak rezidans; retire sibstans ki danjere pou

anviwonman an; ak ogmante opòtinite aksè dlo nan Rivyè Harlem. Yon sibvansyon \$208,250 yo te bay Kòporasyon Devlopman Ekonomik Jeneral Sid Bronx la te finanse aktivite planifikasyon Pwogram BOA a.

Prezidan ak PDG Kòporasyon Devlopman Ekonomik Jeneral Sid Bronx Philip Morrow te deklare: “Kòporasyon Devlopman Ekonomik Jeneral Sid Bronx (SoBRO) ankouraje pa deziyasyon zòn endistriyèl ofisyèl Sekretè Deta New York pou Port Morris la - Zòn sib Rivyè Harlem. Deziyasyon sa a pral aktive plis pase 200 kawo tè ki vid ki pap itilize, founi 1.4 kilomèt nan devlopman plaj, ak bay kominote a aksè nan resous pou aplike devlopman ak plan remedyasyon anviwonman an. SoBRO fyè poul kolabore avèk Eta New York nan plizyè inisyativ zòn endistriyèl yo, e li gen yon rekò nasyonal nan mete an aplikasyon estrateji zòn endistriyèl yo ak devlopman tèt ansanm avèk angajman enpòtan kominote a. Deziyasyon Sekretè Deta a pral pèmèt devlopman ki nesèsè nan zòn nan e li aliye fòtman avèk angajman total SoBRO a, nan yon kominote ki baze sou prèv ak devlopman ekonomik.”

Prezidan Komisyon Planifikasyon Vil New York Carl Weisbrod te deklare: “Nou akeyi nouvèl la ke de zòn prensipal nan Sid Bronx ak Sidès Queens deziyen kòm zòn opòtinite endistriyèl pa Depatman Deta New York. Rivyè Harlem Port Morris BOA konplete angajman Majistra a, te anonse nan Adrès Eta a Vil la, pou l founi \$200 million pou enfrastrikti pou yo avanse Lower Concourse Vil la ak plan Port Morris yo. Plan sa yo gen entansyon pou revitalize rivyè Bronx nan Rivyè Harlem ak sipòte investisman revni-melanje lojman ak devlopman komèsyal. Menm jan tou, BOA Jamaica konplete efò ki sou pye pa plizyè ajans Vil yo ak Prezidan awondisman Queens pou reyalize gwo potansyèl katye sa a ozalantou Air Train an pou lojman, vant an detay, biwo ak devlopman ospitalite. Finalman, remedye plas nan de zòn sa yo pral trase wout pou plis sèvis, enkli biznis ki kreye travay ak lojman, ansanm avèk kontribiye nan devlopman ekonomik kominote a.”

Daniel Walsh, Direktè Biwo Remedyasyon Anviwonman Majistra Vil New York te deklare : “Vil New York te yon bon patizan nan pwogram BOA ansanm avèk travay li pou l ankouraje planifikasyon kominote endistriyèl nan Vil New York. Nou kontan ke sa mennen premye deziyasyon BOA nan vil la nan Port Morris, Bronx ak Jamaica, Queens. Sibvansyon BOA Eta a pèmèt SoBRO ak Sosyete Devlopman Greater Jamaica ankouraje devlopman ekonomik ak atire investisman nan zòn endistriyèl yo. Pwogram BOA a travay ansanm avèk Pwogram Planifikasyon kominotè zòn endistriyèl vil nou an, e nou paka tann pou deziyasyon lòt BOA nan lòt katye defavorize yo nan Vil New York.”

Long Island

Wyandanch Downtown BOA, Vil Babylon, Konte Suffolk - Li gen ladan yon zòn ki gen apeprè 105-kawo tè avèk apeprè 250 zòn ki pa itilize ak potansyèl zòn endistriyèl. Objektif prensipal revitalizasyon an gen ladan: transfòme yon pwopriete andòmi ki pa sèvi an pwopriete pwodiktif pou yon melanj komèsyal, lavant an detay, ak itilizasyon kiltirèl nan yon devlopman tranpò piblik oryante; kreye travay; founi lojman ki abòdab;

ak restore kalite anviwonman. Yon sibvansyon \$258,170 te finanse planifikasyon aktivite Pwogram BOA a.

Sipèvizè Vil Babylon Rich Schaffer te deklare: “Nou kontan ke Wyandanch pami premye kominote nan Eta New York ki resevwa Deziyasyon Zòn Opòtinite zòn Endistriyèl e la p tann pou l vin yon modèl rejyonal pou revitalizasyon dirab, konpreyansif, ki baze sou kominote. Pwogram BOA a, ki anrasine nan patenarya kominotè ak pratik planifikasyon solid, te pwen santral la nan efò revitalizasyon Wyandanch, e investisman \$1.75 milyon Eta a nan finansman BOA mennen prèske \$100 milyon nan aktivite konstriksyon vètikal nan kominote a nan de ane ki sot pase yo. Deziyasyon sa a pral sètènman ouvri nouvo pòt pou investisman nan kominote ka p fleri sa a. Nou remèsye Eta a pou lidèship yo nan revitalize zòn ki te nan detrès yo e nou remèsye patnè kominote nou yo, Sosyete Devlopman Kominotè Wyandanch.”

Depatman Deta travay nan patenarya avèk kominote lokal yo ak òganizasyon yo pou devlope ak reyalize vizyon yon kominote pou re-amenajman ak revitalizasyon kominotè. Kalite katye ak zòn kote resous pwogram yo te aplike enkli fabrikasyon/endistriyèl, koridò komèsyal, rezidansyèl, anba lavil ak rivyè. Atravè Pwogram BOA sa a, zòn ak plas te transfòme soti nan responsablite ale nan aktif pou kominote a kap kreye biznis, travay, ak revni pou ekonomi lokal yo ak founi nouvo lojman ak ekipman piblik.

Wa p jwenn plis enfòmasyon, enkli detay deziyasyon ak dokiman planifikasyon nominasyon ki asosye ak Pwogram Zòn Opòtinite Endistriyèl la disponib [isit la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418